

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun maluruh struktur puisi jeung ajén atikan dina rumpaka kawih album *Wiwitan Puji*. Kawih album *Wiwitan Puji* medal dina taun 2002, judul-judul kawihna nya éta “Wiwitan Puji”, “Solawat Bani Hasyim”, “Du’a”, “Madep”, “Demi Wanci”, “Pépéling”, “Paneda”, jeung “Balitungan”. Tina 8 kawih anu ditalungtik larasna pélog jeung madenda, wangun rumpakana puisi modérn lantaran wangunna henteu dina wangun sisindiran. Kawih album *Wiwitan Puji* unggal pada miboga jumlah padalisan, guru lagu, jeung guru wilangan anu béda unggal padalisanna aya nu miboga 8 engang, tapi aya ogé anu teu 8 engang.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis kalayan pamarekan kualitatif. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data. Téhnik ngumpulkeun datana ngagunakeun téhnik studi pustaka. Anapon téhnik ngolah datana ngagunakeun téhnik analisis dumasar kana ulikan struktur puisi anu ngawengku struktur lahir konsép Alton C. Morris jeung struktur batin konsép I.A Richards. Pikeun ngolah data ajén atikanna ngagunakeun téhnik analisis dumasar pamadegan Loree dina (Syamsuddin, 2012, kc. 105) anu ngawengku ajén moral, ajén sosial, jeung ajén agama.

Tina hasil panalungtikan, struktur lahir puisi anu aya dina rumpaka kawih album *Wiwitan Puji* téh kaasup lengkep jeung variatif. Ieu hal lantaran struktur lahirna mibanda kajembaran boh dina diksi, imaji, kecap kongkrét, gaya basa, jeung purwakanti anu nganteb dina unggal rumpakana. Struktur lahir anu kapaluruh nya éta: 1) diksi, kapaluruh 7 diksi anu mangrupa kecap; 2) imaji, kapaluruh aya opat nya éta imaji panénjo, imaji gerak, imaji pangrasa, jeung imaji pangdégé. Imaji panénjo nuduhkeun kana kaayaan alam jeung lingkungan masarakat sarta kaayaan awak anu bisa katempo. Imaji gerak nuduhkeun kana paripolah jalma sapopoé patalina jeung aktifitas sosial. Imaji pangrasa nuduhkeun hubungan haté jalma. Imaji pangdégé nuduhkeun kana budaya kabiasaan jeung sosial kahirupan sapopoé

masarakat. 3) kecap kongkrét, kapaluruh aya 20 kecap; 4) gaya basa, kapaluruh aya lima nyaéta gaya basa raguman, gaya basa rautan, gaya basa mijalma, gaya basa kadalon, jeung gaya basa ngasor. 5) purwakanti, kapaluruh aya 77 purwakanti tina 8 tiori purwakanti nyaéta purwakanti pangluyu, purwakanti maduswara, purwakanti laraswekas, purwakanti larasmadya, purwakanti laraspurwa, purwakanti mindoan-kawit, purwakanti mindoan-wekas, jeung purwakanti cakraswara.

Struktur batin anu kapanggih dina rumpaka kawih album *Wiwitan Puji* téh sakabéh unsur patali. Struktur batin anu kapaluruh nya éta: 1) téma, anu ngawengku sosial jeung agama; 2) rasa, kapaluruh aya tilu nya éta rasa guligah, rasa sabar, jeung rasa sedih; 3) nada, kapaluruh aya tilu nada nya éta nada lugas, nada peupeujeuh, jeung nada pasrah; 4) amanat anu réa kapanggih téh nya éta ngeunaan kaagamaan agama Islam, ngeunaan ibadah, ngadu'a, sarta solawat ka Rasulullah Saw.

Ajén atikan anu nyangkaruk dina rumpaka kahiji nepika kadalapan nyaéta ajén atikan moral, ajén atikan sosial, jeung ajén atikan agama. Ajén atikan moral nyampak dina kawih “Du’a”, “Madep”, jeung “Pépéling”. Ajén sosial nyampak dina kawih “Demi Wanci”. Sarta ajén atikan agama nyampak dina kawih “Wiwitan Puji”, “Solawat Bani Hasyim”, “Du’a”, “Madep”, “Demi Wanci”, “Pépéling”, “Paneda”, jeung “Balitungan”. Dina ieu rumpaka kawih album *Wiwitan Puji* téh sagemblengna nyangkaruk ajén atikan agama Islam.

Dumasar kana kriteria milih bahan pangajaran, tina dalapan rumpaka kawih ngan tilu rumpaka kawih nu dipilih sangkan bisa dipaké pikeun alternatif bahan pangajaran, nyaéta rumpaka kawih “Demi Wanci”, “Pépéling”, jeung “Balitungan”. Tilu kawih ieu dijadikeun pikeun bahan pangajaran téh lantaran ajén atikan agamana leuwih jero sabab kawih “Demi Wanci” jeung “Balitungan” interpretasi tina ayat Al-Qur'an sarta cocog dijadikeun pikeun bahan ajar. Sanajan teu dipaké pikeun bahan pangajaran, lima rumpaka kawih anu séjénna bisa nambahan pikeun pangaweruh boh ku nu maca rumpakana, boh nu ngadangukeun kawihna.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan analisis struktur dina rumpaka kawih album *Wiwitan Puji* ieu rumpaka kawih téh miboga implikasi dina widng kaagamaan sarta widang atikan. Lantaran katitén dina tina rumpaka kawihna loba

hal anu patali jeung kaagamaan agama Islam. Salian ti éta, ajén atikan anu nyampak dina rumpaka kawih album *Wiwitan Puji* téh bisa dipaké pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan pangajaran-pangajaran pikeun paripolah anu hadé snagkan bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé di masarakat. Rumpaka kawih album *Wiwitan Puji* ogé bisa dilarapkeun di sakola dina pangajaran kawih di SMA kelas X.

5.3 Rékomendasi

Dina ieu panalungtikan tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkér. Tapi sanajan kitu, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh kana salasahiji karya sastra hususna dina rumpaka kawih. Dumasar hasil analisis jeung kacindekan di luhur, aya dua rékoméndasi nu patali jeung ieu panalungtikan ditujukeun pikeun panalungtik jeung masarakat umum.

Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan ngulik ngeunaan ajén atikan dina rumpaka kawih album *Wiwitan Puji* sanggian Nano S. Ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun sumber référénsi dina studi litelaturna, sarta pikeun ngajembaran pangaweruh tiori jeung kritik sastra. Sarta, dipiharep bisa nganalisis rumpaka kawih anu séjénna ngagunakeun pamarekan-pamarekan anu sarupa saperti ngagunakeun pamarekan anu hubunganana jeung sastra lagu kalawan leuwih nyosok jero deui jeung bisa leuwih ngaronjatkeun pangaweruh pikeun panalungtikan anu saterusna. Pikeun masarakat, dipiharep bisa nambahan pangaweruh yén karya sastra téh teu ngan saukur méré hiburan tapi ogé méré pangaweruh ngeunaan kahirupan sosial.